

**ФИДИБÆСТÆ ТУХГИН КÆНУЙ ДЗИЛЛИ ’ХСÆН ÆФСАРМÆ ÆМА ÆГЪДАУИ ФЕДАРДЗИЙНАДÆЙ!..**

*Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910) финсæг: «Адæймаг цæйбæрцæ фулдæр дæтта адæмæн æма цæйбæрцæ минкъийдæр дома æхецæн, уойбæрцæ хуæздæр æй; цæйбæрцæ минкъийдæр дæтта адæмæн æма цæйбæрцæ фулдæр дома æхецæн, уойбæрцæ лæгъуздæр æй... Цардæн аргъ кæнун гъæуй æ бæрцæмæ гæсгæ нæ, фал, цæйбæрцæбæл хуæрзгъæдæ ’й, уомæ гæсгæ...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№7 (927) 2024 анзи 29 февраль – комахсæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## НОМЕРÆН



### АЛÆМÆТИ ИСКУРДИАДИ ЦÆХÆР

Устур Фидибæстон тугъди хъазауатонæй архайæг, номдзуд поэт, публицист, литературон æртасæг æма тæлмацгæнæг, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Цирихати Тасолтани фурт Михали райгурдбæл 23 феврали исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1919-1998). Е ’мдзæвгитæй еуеми уотæ финста:

Арвы цъæх хъуымац хæсгардæй
Чидæр ыскарста, ыстæй
Хæхтæн сæ уæхсчытыл дардæй
Урс хыз æрæппæрста мæй.

Хъазы йын дымгæ йæ хаутæй
Дымгæмæ буц митæ нæй.
Хæхтыл кæдмæ лæуудзæн хаудæй.
Уыцы хыз? – Сисæм æй, цæй!..

Хуцау нæ адæмæн ци берæ хæзнатæ балæвар кодта, уонæй еу алæмæти аййевадон фæрæзнитæ. Æма уони еу хай – национ литературæ – уæлиау бæрзæндтæмæ исесунбæл удуæлдайæй архайдта Цирихати Михал. Уомæ гæсгæ си нæ дзиллæ боз æма арфиаг æнцæ. Æма абони æ номерæнæн мухур кæнæн æрмæгутæ (6-7-аг фæрстæбæл).



### ФÆСНОМУГÆЙ ÆЙ «БАБА» ХУДТОНЦÆ

Абони ма мухур кæнæн æрмæг номдзуд уруссаг финсæг Крылов Иван Андрейи фурти туххæй дæр. Уой дæр уомæ гæсгæ, æма, еуемæй, 13 феврали æ райгурдбæл исæнхæст æй 255 анзи (1769-1844), иннемæй ба, цæйбæрцæ рæстæгутæ райевгъудæй, уæддæр æ удадзимистæ дессаги нуриккон æнцæ: æ рæстæгти æхсæнади гъæнддзийнæдтæй цæбæл финста, етæ нæмæ нерæнгæ дæр ма «цардæгас» æнцæ, нæ цардарæзт нин æнадæ кæнунцæ. Аци загъдæй раст ке ан, е ба баруагæс уодзæнæй, абони нæ газети 4-5-аг фæрстæбæл ци æрмæг мухур кæнæн, уой бакæсгæй.

## ФÆЛТÆРДДЗИЙНАДÆ



### ГЪОМУСГИН ÆМГУСТАДÆЙ – АХЕДГÆ БÆРÆГГÆНÆНТÆ

Уæрæсей Хецауади Сæрдар **Михаил Мишустин** ци стратегион æмбурд исаразта, уоми равзурстонцæ, вице-премьертæ федералон зилдтитæмæ сæ цæстæ куд дарунцæ, уой. Мадзали архайдта Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**.

Федералон зилдтитæмæ цæстæ даруни институт исаразтонцæ 2021 анзи июли мæйи. Æ нисан æй регионти царди хуæрзгъæдæдзийнадæ уæлдæр æмбæзадæмæ исесун æма социалон-экономикон ирæзт фæттагъддæр кæнун.

Михаил Мишустин куд загъта, уотемæй нæ бæсти субъектти ирæзунцæ æнæбюджетон инвестицитæ – 2023 анзи кæронмæ сæ бæрцæ адтæй 9 триллион сомемæй фулдæр. Фæстаг дууæ анзи æма æрдæгмæ арæзт æрцудæй 230 мин косæн бунати, товартæ уагъд æма лæггæдтæ æнхæстгонд æрцудæй æнхæсткæнуйнади 6,5 миллиард сомей аргъ.

Нуртæккæ регионти кураторти активон агъазæй царди уагъд цæунцæ 357 хъæппæреси, 33 проекти нуриуæнгæ арæзт æнцæ. Еци нимæдзти фæсте, Мишустин куд загъта, уотемæй ес, адæмæн æма кустади къабæзти ирæзтæн гъæуæ бæлвурд бæрæггæнæнтæ, объекттæ æма унаффитæ. Сессий ци проектти кой кодтонцæ, уони ’хсæн загътонцæ Цæгат Иристони Дзæуæгигъæуи аэропорти нæуæг аэровагзалон комплекси туххæй дæр, æ нуриккон инфраструктурæй нур анзæй фулдæр пайда кæнунцæ бæлццæнттæ æма бунæттон цæргутæ.

## ТОХ ÆМА ИСФÆЛДИСТАДИ ФÆРЦИ ИРÆЗУЙ ЦАРД!..




**Аци хузæмæ нуриккон æригæнттæй ка æркæса, уонæй, æвæдзи, сæ фулдæрæйфулдæр бадес кæндзæнæнцæ, гъома, куд ес уæн уомæн, æма уотæ кæстæрæй-хестæрæй еумæйагæй кæсæ киунугæ. Баруагæс уи уæд, адтæй уæхæн рæстæгутæ дæр, уæлдайдæр ба советон доги, æма адæм дзиллонæй кастæнцæ киунугутæ, финсæгæн ба алæмæти кадæ адтæй æхсæнади медæгæ, дессаги кадæгонд ин цудæй... Хестæртæ ма ’й гъуди кæндзæнæнцæ, изæригон синхæнттæ куд бамбурд уиуонцæ, ка си ци киунугæ бакæсидæ, уони туххæй. Еци рæстæг, сæ гъæзтитæ фæуадзгæй, сæ рæбун æрæмбурд уиуонцæ кæстæртæ дæр. Е адтæй десаги рохсадон-гъомбæладон мадзал.**

**Нури æнæлæдæрд рæстæгути адæми зингæ хай, гъулæггагæн, уоййасæбæл æхцул нæбал æнцæ киунугæбæл, аккаг кадæгонд нæбал цæуй финсæг æхуæдæг дæр. Фал ни уæддæр æруагæс кæнуй, раздæри фæткæ бабæй ке иснæуæг уодзæнæй... Уомæн, ка ’й зонуй, еуцæйбæрцæдæр агъазгæнæг уодзæнæй финсæги Еугурдуйнеуон бон, кæци 1986 анзæй фæстæмæ бæрæггонд цæудзæнæй 3 мартъий. Зæрдиуагæй арфæ кæнæн нæ финсгутæн сæ бæрæгбони фæдбæл. Уæдта ма хецæн æрмæгутæ мухур кæнæн нæ газети абони номери (4-8-аг фæрстæбæл).**


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Индийаг æмбесонд: «Ку райгурдтæ, уæд кудтæ еунæгæй, дæ адæм ба еугурæйдæр цийнæ кодтонцæ. Нур уæхæн цардæй фæццæрæ, æма дæ адзали бони дæ алливарс еугурæйдæр кæугæ куд кæнонцæ, ду ба еунæгæй дæ медбилти куд ходай...»*

## УÆЛАХЕЗДЗАУТÆ



Зундгонд куд æй, утемæй фæсевæди федералон агентади хъæппæресæй арæзт цæуй аллианзон конкурс «Росмолодежь». Гранты». Уоми еудадзуг фæййархайунцæ Цæгат Иристони минæвæрттæ дæр. Аци анзи конкурсмæ ци проекттæ балæвардтонцæ, уонæй дæс иссæнцæ уæлахездзаутæ. Бæлвурдæй ба мæнæ ауæхæн номинацити: «Æнæнез уо», "Дæ зæрдæбæл дарæ», «Бæстæ æргом кæнгæй» æма æндæрти. Еци проекттæ гъæугæ хузи царди рауадзунæн син радех кодтонцæ цуппар миллион соми, æнхæстгонд ба гъæуама æрцæуонцæ 2024 анзи майæй 2025 анзи апърели уенгæ. Аци конкурси берæ хиццагдзийнæдтæй еу е æй, æма си се 'ргъудидзийнæдти хæццæ архайуни барæ ес 14 анземæй 35 анзей уæнгæ кари уæрæсейаг граждæнтæн.

## СКЪОЛАДЗАУТÆБÆЛ АУОДУНДЗИЙНАДÆ



Цæгат Иристон хаст æрцудæй, скъолати ахурдзаутæн хуæлцæ дæттуни фæдбæл хуæздæр кæми 'нцæ, еци регионти нимæдзæмæ. Зæгъун гъæуй уой, æма еци гъуддагмæ нæ республики æцæгæйдæр еудадзугдæр цæуй лæмбунæг цæстдард: цæмæй сувæллæнттæ хуæрзадæ хуаллаг хуæронцæ, цæмæй уроки 'хсæн уолæфæн рæстæги дæр син уа ракомидзаг кæнунæн равгæ. Специалистти æмрæнгъæ хуайраги адæ рагацау рахатуни гъуддаги архайунцæ нийййергутæ æма скъоладзаутæ сæхуæдтæ дæр. Аци ахсгиаг гъуддаги хузæнондзийнадæбæл архайд идарддæр дæр цæуздзæнæй. Скъолати бундорон цалцæгкæнуйнади парахат программи фæрци хуæрæндæнттæ дæр нæуæггонд æрцæуунцæ. Аци анз исцалцæг кæндзæнæнцæ æхсæз æма инсæй объекти.

## БÆЛЦЦÆНТТИ ХУАРЗДЗИЙНАДÆН



Нæ республики медæгæ бæлццæнттæ æнæкъулумпитæй ласуни гъуддаг фæрраæвдзæдæр кæнунæн фæстаг рæстæгути берæ аллихузон мадзæлттæ арæзт цæуй. Уонæй еу – рæхги нæмæ маршрутон автобусти бæрцæ фæффулдæр уодзæнæй. Куд нисангонд цæуй, утемæй республикæ райсдзæнæй дууадæс æма цуппаринсæй нæуæг хуæдтолги. Уонæй фондз æма инсæй лæггадæ кæндзæнæнцæ Дзæуæгигъæуи цæргутæн, иннетæ ба косдзæнæнцæ республики муниципалон нæдтæбæл. Автобустæ ефтонггонд æнцæ аллихузон нуриккон техникон фæрæзнитæй: телефон зарядкæ кæнунæн, балций феддонтæ кьарточкæй федунæн, ес си тахографтæ, видеоцæстдарæнтæ.

## ЦАРДИУАГИ ÆДАСДЗИЙНАДÆ



### ÆРДЗИ ÆВЕРХЪАУДЗИЙНÆДТÆЙ ÆДАСДÆР КУД УÆН...

Уæрæсей Федераций арæздадæ æма цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради министри хуæдæййевæг **Юрий Гордеев** куд фæббæрæг кодта, утемæй федералон программæ «Уæрæсей Федераций зæнхизмæлдтитæй тæссаг районти цæрæнуæтти, сæйраг объекттæ æма цардæн æнæмæнгæ гъæугæ системити федардзийнадæ фæббæрзонддæр кæнун»-и фæлгæти 2023 анзи Цæгат Кавкази федералон зилди æртæ регионеми исаразтонцæ æма бундоронæй райаразтонцæ цуппæрдæс объекти:

– Арæзт æрцудæнцæ, 960 бунати кæми ес, уæхæн аст рæвдауæндони, 320 бунатон скъола, дууæ спортивон объекти, фельдшерон-акушерон пункт, хъæрæу æма лæмæгъ ка уиуй, еци сабийти скъола-интернатæн уæлæнхасæн азгъунст. Еци гъуддæгутæ арæзт æрцудæнцæ Мæхъæли, Цæгат Иристони æма Цæцæни республикити.

Зæгъæн, Дзæуæгигъæуи Чкалови гъæунги еуæндæсæймаг скъолай æртæ азгъунсти иснæуæг кодтонцæ, райдайæн къласстæн си исаразтонцæ нæуæг æртæуæладзугон азгъунст, еу азгъунст ба бундоронæй райаразтонцæ. Скъола байгон æй фарæ апърели мæйи.

Заводи поселокки арæзт æрцудæй 280 гъомбæлкæнуйнагей фагæ ка 'й, сувæллæнтти уæхæн рæвдауæндонæ – нуриккон дууæуæладзугон азгъунсти ес спортивон зал, бассейн, музыкалон ахуртæн сæрмагонд хатæн, тургъи ба ес сабийтæн гъазунæн æма тезгъо кæнунæн фæзуат.

Дууинсæй объекти арæзт æрцудæй Уæрæсей аст регионеми: Дагестани, Мæхъæли, Кæсæг-Балхъари, Хъæрæсе-Черкесий, Цæцæни республики, Камчатки крайи, Кемерови облæсти – Кузбасси. Уонæй æвддæс æма инсæй æнцæ кæрæй-кæронмæ нæуæг арæзт, æртæ ба – бундорон райарæзт.

Зæнхизмæлдтитæй тæссаг районти цæрæнуæтти федералон программи фæлгæти («Сейсмика») Уæрæсей Федераций арæздадæ æма цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради министрадæ мадзæлттæ аразуй 2018 анзæй фæстæмæ. Фонд анзей дæргъи си Уæрæсей регионтæй архайдта дууадæс. Еци рæстæгмæ регионти зæнхизмæлдтити нихмæ арæзтæдтæн æхцай фæрæзнитæ уагъд æрцудæй 118 объектемæн, уони нимæдзи – 52 скъолай, 35 рæвдауæндони, 16 цæрæн хæдзари, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади 7 уагæдони, 4 культурон артдзæсти, 3 спортивон объекти æма 1 уагæдонæ. Эксплуатацимæ ист æрцудæй 88 объекти.

*Аци хабæрттæ фегъосун кодта Цæгат Иристони Сæргълæуууæги æма Хецауади пресс-службæ.*

## ЕУГУРАДÆМОН ГЪУДДАГИ БАЙАРХАЙУН – НÆ ЕУГУРЕЙ АХСГИАГ ИХÆС!..




**Цуппаринсæй анзей размæ (1944 анзи 1 мартъий) ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиум рауагъта Указ «Стъараполи крайи сахар Мæздæг Цæгат Иристони АССР-и искондмæ бафтауни туххæй».**

## ÆДЗАРД ТУГЪДОНТИ БИЙНОНТÆБÆЛ АУОДУНДЗИЙНАДÆ



# «НÆ БÆГЪАТÆРТИ РОХС НÆМТТÆ НИН ÆНОСТÆМÆ ЦИТГИЙНАГ УОДЗÆНÆНЦÆ...»

Цæгат Иристони Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло** фембалдæй сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй се 'фсæддон ихæс æнхæст кæнгæй ка фæммард æй, еци æфсæддонти бийнонти хæццæ. Дзубанди цудæй уонæн сæ социалон равналæнтæбæл, æма, зæгъун æнгъезуй, тугъдонти хеуæнттæмæ ци фарстатæ исæвзурдæй, уони фæдбæл бæлвурд дзуæппитæ райстонцæ.

Сергей Меняйло куд загъта, утемæй нæ республики хецаудзийнади еугур къабæзти косгутæ дæр бæрнонæй ке архайунцæ, тугъди будури Райгурæн бæсти сæрбæлтау ка фæммард æй, еци тугъдонти рохс нæмттæ исæносон кæнуни, сæ бийнонтæн ба алливæрсуг агъаз раттуни туххæй аллихузон мадзæлттæ æнæгъæнæй дæр æнхæст кæнунбæл:

– Лæдæрун уин уæ саумарой дæр æма уæззау уавæр дæр, æма мæ зæрдæмæ хæстæг есун уæ рист. Уæ фидтæлтæ, уæ цардæмбæлттæ, уæ фурттæ æцæг хъайтартæ 'нцæ, æма си мах сæрустур ан. Гъулæггагæн, тугъди гъуддаг уæхæн æй, æма си архайæг æфсæддонтæй кедæрти цард бастъæлуй... Æма ма махæн, цардæгас ка 'й, уонæн сæ бон æй сæ рохс нæмттæ син имисун æма цитгин кæнун. Уомæй еугурæйдæр ихæсгин ан, фал уин, нæ æдзард тугъдонти хеуæнттæн, федарæй дзурд дæттун, махæй алке æ бунати ке архайуй, цæмæй еци зианти нимæдзæ минкъийæй-минкъийдæр уа. Мах алкæддæр уæ фарсмæ уодзинан æма уин агъаз кæндзинан.

Фембæлди архайгутæ берæ аллихузон фарстатæбæл æрдзубанди кодтонцæ æма уони фæдбæл фæндитæ дæр бахастонцæ. Зæгъæн, сæ гъудимæ гæсгæ æнæмæнгæ байархайун гъæуй, сæрмагонд æфсæддон операций æдзард архайгути рохс нæмттæ исæносон кæнуни гъуддагбæл. Сергей Меняйло сæмæ лæмбунæг байгъуста æма сæ хæццæ исарази æй:

– Нæ еугур хъауритæй дæр архайдзинан, цæмæй сæ рохс нæмттæ æностæмæ цæронцæ. Федарæй ми æруагæс кæнуй е дæр, æма 9 Май куд бæрæг кæнæн, уотæ тагъд рæстæги ке бæрæг кæндзинан сæрмагонд æфсæддон операций Уæлахези бон дæр – куд нæ Райгурæн бæсти анзфинсти табуйаг хабæрттæ, уотæ. Еу ба ма сæ кæнуй, нæ адæми еугур фæлтæрти турнундзийнадæ нæ бæстæ нацизмæй багъæуай кæнунмæ. Ахурадæ æма науки министрадæн фæдзæхст æрцудæй скъолати мемориалон фæйнæгутæ байгон кæнун, гъæуама сæбæл финст уа, ке номерæнæн æвæрд æрцудæй, еци тугъдонтæй ка ци бæгъатæрдзийнадæ равдиста, циуавæр уавæрти фæммард æй, е. Уæлахези фæсте мах æнæмæнгæ исараздзинан циртдзæвæн сæрмагонд æфсæддон операций ка фæммард æй, еци бæгъатæр тугъдонтæн, ке зæгъун æй гъæуй, сумах фæндитæмæ æригъосгæй. Сæйрагдæр ба – Уæлахези æрцудмæ бангъæлмæ кæсун...

Фембæлди рæстæг дзубанди рацудæй социалон агъазади туххæй. Сæрмагонд æфсæддон операций архайгути бийнонтæн Цæгат Иристони æнхæстгонд цæунцæ социалон цæстдарди аллихузон мадзæлттæ. Паддзахадæ син ци фæрæзнитæ иснисан кодта, уони æнхæст кæнуй фонд «Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ», уоми алли бийнонтæмæ дæр федаргонд ес сæрмагонд косæг, кæци афойнадæбæл лух кæнуй, уонæмæ ци фарстатæ исæвзуруй, уони.

***Аци хабæрттæ фегъосун кодта Цæгат Иристони Сæргълæуууæги æма Хецауади пресс-службæ.***

## НÆ КÆСТÆРТИ СÆРÆНДЗИЙНАДÆ – НÆ СÆРУСТУРДЗИЙНАДÆ!..

# СУГЪЗÆРИЙНÆ ЛÆДЗÆГÆЙ БÆГЪАТÆРДЗИЙНАДÆ ХУÆЗДÆР!



Уотæ зæгъиуонцæ нæ рагфидтæлтæ, æма еци гъуди зундамонæн фæдзæхсти хузи нæ адæми еугур фæлтæртæн лæдæрд адтæй. Æма æнхæстгонд дæр цудæй – алкедæр архайдта, цæмæй æ кæстæртæ, бауæрæй хъаурæгин куд уонцæ, уотæ сæ уодиконд федар, багъæуаги бæгъатæрæй фескъуæлхунгъон дæр куд уонцæ. Уой туххæй советон доги берæ аллихузон ахедгæ мадзæлттæй пайдагонд цудæй. Етæ бæргæ хуарз адтæнцæ, фал советон цардарæзти фехæлди хæццæ, уонæбæл, гъулæггагæн, раустурзæрдæ 'нцæ «нæуæг цардаразгутæ». Уомæй цæйбæрцæбæл æнæраст адтæнцæ, уой балæдæрдтæнцæ, æма еци рæдуд исраст кæнуни туххæй цидæртæ æнхæстгонд цæуй. Зæгъæн, парахат кæнуй кадетон ахурадæ.

Æма Цæгат Иристони еци гъуддаги райрæзти фæдбæл æрæги арæзт æрцудæй сæрмагонд форум.

Нæ республики ахуради æма науки министр **Алибегти Эллæ** æ радзубандий баханхæ кодта:

– Цалдæр анзей размæ нæ республики Сæргълæуууæг **Сергей Меняйлой** хъæппæресæй скъолати нæмæ фæззиндтæнцæ кадетон кълæстæ. Фиццаг байгон кодтонцæ æхсæрдæс уæхæн къласи, нуриуæнгæ ба сæ нимæдзæ 'й финддæс æма дууинсæй. Еу минемæй фулдæр ахурдзауи цæунцæ уæхæн кълæстæмæ. Ке зæгъун æй гъæуй, етæ исонибони еугурæйдæр æфсæддонтæ нæ исуодзæнæнцæ. Фиццагидæр, е хуарз æй райрæзтæн сувæллæнтти хæццæ кусти. Мах сæрустур ан нæ кадетон ахурадæй, æз уинун, нæ сувæллæнттæн «патриотизм», «Фидибæстæ» хумæтæг дзурдтæ ке нæ 'нцæ æма е хъæбæр æхцæуæн гъуддаг æй.

Форуми архайгутæ æрдзурдтонцæ Цæгат Иристони скъолати кадетон æзмæлди райрæзтбæл, æхцæуæнæй баханхæ кодтонцæ нуриуæнгæ кадетти бæрцæ ке фæффулдæр æй, уой.

Скъолати аци гъуддаги фæдбæл уавæртæ еухузон кæнунцæ, скъоладзаути хуæрзгъæдæ ахурадæн ес фадуæттæ, берæ уæхæн кълæстæ байгон æнцæ республики хумæтæг скъолати.

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..

*Финсæги Еугурдуйнеуон бонмæ (3 мартъий) гæсгæ абони æримисдзинан номдзуд финсгути царди хабæрттæ æма зæгъдтитæ.*



* * *

Номдзуд актер Каратыгин номдзуд финсæг Александр Грибоедовæн еууæхæни уотæ ку зæгъидæ:

– Ехх, Александр Сергеевич, цæйбæрцæ искурдиæдтæ дин балæвар кодта Хуцау!.. Поэт дæр дæ, музыкант дæр, сæрæн бæхбæлбадæг дæр, уæдта ма алæмæти хуарз лингвист (фондз европаг æвзагемæй уæлдай ма Грибоедов зудта персайнаг æма араббаг æвзæгтæ дæр – Ред.) Грибоедов бахудтæй æма ин загъта:

– Баруагæс ди уæд, Петрушæ, берæ искурдиæдти хецау ка 'й, уомæ еунæг æцæг искурдиадæ дæр нæ фæууй…

* * *

*Æма æцæгæйдæр уотæ ке 'й, уой нæхуæдтæ ба нæхе цæститæй нæ абони цардарæзти нæ уинæн?!. Гъуддæгути бозий ке къохти æй, уони цæстиварди ка фæууй, етæ алæмæти равгитæй фæххайгин унцæ. Ци бунæтти сæ – уой ба еу иннемæй бæркадгиндæр – ниввæрунцæ, уоми сæмæ уæддæр еуцæйбæрцæдæр ацъагъуæ ес æма си исарæхсдзæнæнцæ, зæгъгæ, е нимади дæр нæ фæууй. Етæ дæр сæхебæл уоййасæбæл æнвæрсун байдайунцæ, æма кустæн неци лæдæргæй унаффæгæнæг исунцæ, куст æцæгæй ка зонуй æма 'й гъæугæ хузи æнхæст кæнунгъон ка 'й, уонæн. Сæ унаффитæ ба фулдæр фæуунцæ хъоргæнæг, гъуддæгутæн сæ ихалæг. Гъе уомæ гæсгæ нæ цардиуаги æгудзæгдзийнæдтæ æгæр исберæ 'нцæ.*

**Михаил ЛЕРМОНТОВ (1814-1841), поэт: «Сайтæнттæ раздæр изæдтæ адтæнцæ…»**



* * *

Махмæ ба мадта уотæ кæсуй, æма адæми цард кæмæй арæзт цæуй, еци гъуддæгутæ ке къохти бафтудæнцæ, етæ кæд сæхе изæдтæй æвдистонцæ, уæддæр сæ уодигъæдæй ба сайтангæндтитæ адтæнцæ, æцæг син е 'раргом æй нур, сæ бæлдтæгтæ, гъома, еугурадæмон мулкитæбæл ку фæххуæст æнцæ, уæд. Æма ибилис миутæ æдзæсгонæй кæнунцæ, æгириддæр некæмæй æма нецæмæй æфсæрми кæнгæй.



**МАЛИТИ Геуæрги (1886-1937), поэт, æхсæнадон архайæг: «Амонд нæ агурдтай, æндæра 'й иссирдтайсæ…»**

* * *

Амонд æхецæн дæр æма æ уарзон адæмæн иссерунбæл кæд еске уодуæлдайæй фæхъхъиамæт кодта, уæд уонæн сæ фиццæгтæй еу адтæй Малити Геуæрги. Æма?.. Æ рæстуоди хъазауатæй ин арфиаг уни бæсти 'й бабун кодтонцæ… Мах дæр абони бæргæ агорæн нæ амонд, фал царди бозий дæ къохи ку нæ уа, уæд, баруагæс уи уæд, дæ агурдтитæй неци рауайдзæнæй…

**Антуан де СЕНТ-ЭКЗЮПЕРИ (1900-1944), французаг тугъдон тæхæг, финсæг: «Дæхе æрмахур искæнун ку бауадзай, уæд дæ бонифæстагмæ кæун багъæудзæнæй…»**



* * *

Нæ ирисхъæ, æвæдзи, уæхæн æй: алли рæстæгути дæр цидæр зæрдæвæрæнти фæрци нин нæ сæризунд нæ «фæтæгтæ» уотæ радзæгъæлтæ кæнунцæ æма æцæгæйдæр æрмахуртæ исуæн, нæ зæрдæмæ цæуа нæ цæуа, уæддæр алцæбæл дæр арази кæнун байдайæн. Уотæ адтæй советон доги дæр, уотæ рауадæй Советон Цæдеси фехæлди фæсте «нæуæг Уæрæсе» аразуни рæстæги дæр. Мæнæ нин нур цæмæй зæрдитæ æвæрунцæ, уонæбæл дæр, кæдимайди ба нин уæддæр етæ фæррæстмæ уиуонцæ, зæгъгæ, бæргæ æуууæндæн… Куд фæззæгъунцæ, кæсдзинан æма уиндзинан…

**Уæрæсей Федераций Бæгъатæр Нестеренко Юрий Ивани фурти райгурдбæл 1 мартъий æнхæст кæнуй æртинсæй анзи (1964-1995). Æ рæстæги (1981 анзи) каст фæцæй Дзæуæгигъæуи уæлдæр еумæйаг командæгæнæн училище.**

*Иван КРЫЛОВ: «Куд уæмæ кæсуй, адæмæн сæ цауддæрти хæццæ ун хуæздæр æй, æви фонсæн сæ раззагдæрти хæццæ?.. Адæми æвуд, æнæмаст æма фæрнгун кæнуй наукæ нæ, фал сæ рæстдзийнадæ æма се 'фсармæ. Физикæ, метафизикæ, риторикæ – аци наукитæ адæймагæн æцæг зунд нæ дæттунцæ, уомæн æма зунд*




# ФÆСНОМУГÆЙ ÆЙ «БАБА» ХУДТОНЦÆ

## БОНАПАРТ БА ИН ЦИ КОДТА?

Зундгонд литератор Дмитриев Иван Крылови уайдунти хæццæ фиццаг хатт базонгæ 'й, XIX æноси райдайæни, æма уæд æ десæн кæрон нæбал адтæй, уотемæй ин загъта: «Литератури иссирдтай дæхе над, дæ разæнгарддзийнади уæлтæмæн!..» Уотемæй Крылов æхуæдæг ба сæ нимадта, уотид рæстæг ерхæфсæнтæбæл.

Æцæгдзийнадæй ба æ дзурдигъæдæ, е 'взаг, дзурдбæститæ, гъудитæ уæхæн адтæнцæ, æма сæ æнхæстдæрæй зæгъæн дæр нæййес, лæдæрд æнцæ, мæнæ æвзаргæ æхсæнадон къуæрттæ ке хониуонцæ, айдагъ уонæн нæ, фал еугур хумæтæг адæмæн дæр, уайтæккæдæр фæххæлеу уиуонцæ се 'хсæн æма сæ цъухæй-цъухмæ кæрæдземæн дзурдтонцæ. И.А. Крылов æдеугурæй ниффинста 236 уайдуни, уонæй ба еу-инсæйей бæрцæ финст æнцæ номдзуд фингутæ Эзоп æма Лафонтени финст уадзимисти медестæмæ гæсгæ. И.А. Крыловæн уайдунтæ иссæнцæ, цидæриддæр гъуди кодта æ дуйней цардиуагæбæл, уони тагъд, цубур æма циргъæвзагæй равдесуни фæрæзнæ. Рабарæн сæ ес трагикомедий æмбæвзадæбæл. Ходæг цæйбæрцæ 'нцæ, æрхæндæг дæр уойбæрцæ 'нцæ. Римæхст гъудитæй финст кæд æнцæ, уæддæр си ци нæ балæдæрай, уæхæнæй ба неци ес.

Рæстæг ба уæди доги бустæги хумæтæг нæ адтæй. Дуйне рафæлхаттæй, зæгъæ, хумæтæги нæ дзурдтонцæ æргомæй дæр æма сосæггай дæр. Францийы революций фæсте раздæри цардарæзтмæ здæхæнтæ ке нæбал ес, уой еугурæйдæр лæдæрдтæнцæ. Æнæгъæнæ æфсæдтæ Европæн хастонцæ нæуæг хæзнадзийнæдтæ, ахидæй-ахиддæр игъусун райдæдта дзурд «Сæребарæ» – уой дæр мæнæ æнгурстауæнæй гъазуни куд фæууй, еци хузи: ка 'й иссера, е бахаудзæнæй деденæгкалгæ дзæхæрадонæмæ.

Æма уæд Уæрæсе ба – гъæддаг бæстихай адтæй, æнæлæдæргæ адæм? Нæ, еци рæстæг Уæрæсей раззагдæртæбæл сæхе ци адæм нимадтонцæ, етæ сæхе маддæлон æвзагæй францустагау зингæ-зингæ хуæздæр дзурдтонцæ. Мадта зундгонд финсæг Николай Карамзини «Вестник Европы»-йæй ци циргъ гъудитæ истонцæ, еци ахургонд адæмтæн сæ сæртæ разелун кодтонцæ æмгъудæй æнæгъæнæ æнос раздæр. «Бонапарт уойбæрцæбæл уарзон æма гъæугæ 'й Францийы амондæн æма айдагъдæр æррагонд райистдзæнæй уой хуæрзгæнæг хецаудзийнади нихмæ...»

Уогæ фулдæр ба бустæги æндæр хузи гъуди кодтонцæ. Уотæ Крылов дæр. Æма æ уайдунти «Бонапарти» хъозонтæ æвдист цæунцæ маймулити хузи. «Хуæрун нæмæ цæуа æма нин æнæмæнгæ хуæруйнаггæнæг уа францусаг, уосæ ракорай æма дин зæнæг ку фæззинна – æнæмæнгæ син рæвдауæгæн англисаг силгоймаг агорæн; театри ести операæ æвæрай, уæд, æнæмæнгæ, италиаг уа; къахидарæс дæ гъæуа, æма дин æй гъæуама Джонсон исараза, дæ тæрних дин гъæуама Дюфо раниха; адæймаг рамæла, æ кирæ ин гъæуама немуцаг исараза...»

Франци æма Уæрæсей 'хсæн тугъд æцæгæй ба райдæдта 1812 анзæй дзæвгарæ раздæр. Сæребарæ алкедæр æхердигонау лæдæрдтæй. Еуетæ Наполеони фарс – иннетæ æ нихмæ.

Еци рæстæг дæр фингутæ нæ римахстонцæ, тугъди ке архайунцæ, уой. Æцæг – алке си архайдта æхе равгитæмæ гæсгæ. Францусаг æфсади номи буни уогæй, Европæ æнæгъæнæй дæр, нæ раздæри æмцæдесонтæ дæр сæ хæццæ, уони медæги ба се 'фсади æртиккаг хай польшæйæгтæ, уотемæй Уæрæсемæ ку 'рбампурстонцæ, уæд еци фарста æвæрд дæр нæ цудæй. Уруссаг литературæ, тохæнгарзбæл хуæцунгъон уогæй, кæд си æ медхурфи цийфæнди нихмæвæрд ивулæнтæ цудæй, уæддæр равзурдæй архайæг æфсади. Сæ фулдæр хай цудæнцæ сæхе полкти рæнгъитæмæ, партизантæмæ. Еугур устур тугъдтити дæр архайдтонцæ поэттæ дæр, фингутæ дæр.

Номдзуд поэт Василий Жуковский бацæттæ кодта «1812 анзи Фидибæсти тугъдмæ хаст ка цæуй, еци æмбурдгонд» æма ин æ фиццаг киунугæмæ бахаста 600 æмдзæвги (е адтæй сæ минкъийдæр хай). Мадта ин æхе ба нимадтонцæ «уруси æфсади зартæгæнæгбæл».

Тугъдмæ рандæй Михаил Загоскин – фæстæдæр еци тугъди туххæй фиццаг роман ка ниффинста, еци финсæг. Тугъдон рæнгъити адтæй Александр Грибоедов дæр, æма фæскъилдуни бæгъатæрти туххæй ниффинста æ уац «Кавалерийские резервы».

Денис Давыдов киунугутæ дæр финста æма знаги нихмæ тох кодта – фæскъилдуни адтæй бæгъатæр партизан.

Тугъдон цаути архайгæй, се 'руолæфти рæстæг æмдзæвгитæ финстонцæ Константин Батюшков, Александр Войейков, Федор Глинка. Глинки æнсувæр Сергей партизанти хæццæ дæр адтæй, еци рæстæг ба ма журнал «Русский вестник» дæр уагъта: губернатор Ростопчин ин уой туххæй равардта 300 мин сомы. Уогæ Глинка харз кодта æхе фæрæзнитæ, æма ин æ еци æхца фæстугъд ба еугурæйдæр фæстæмæ равардта.

Профессор-филолог Андрей Кайсаров къохи хæсгæ типографий мухур кодта агитацион æрмæгутæ æма газет «Россиянин» уруссаг æма немуцаг æвзæгтæбæл. Бæгъатæрæй фæммард æй тугъди.

Композитортæ Дмитрий Бортнянский æма Алексей Верстовский финстонцæ тугъдон марштæ. Александр Алябьеви финст зар «Болæмæргъæ» бахъæрттæй сауæнгæ Парижмæ.

Æма уæд Крылов ба?

Уайдунтæ финсæг Иван Крылов æ гурикондмæ гæсгæ нæ бæзтæй æфсадмæ райсунмæ, фал уæддæр адтæй æфсæддон рæнгъити. Зæгъун æнгъезуй, адтæй æфсæддон уацхæссæг. Æ уайдунтæ 'нцæ тугъди æцæг хроникæ.

Е нæмæ нур еци цаутæ рæсугъд кæсунцæ, хуæрзуиндæ æфсæддон уæледарæс, бæрзонд ходтæ. Фал æцæгæй ба 1812 анзи тугъд дæр æверхъау адтæй – уруссæгтæй си фæммард æй еу миллиони бæрцæ. Материалон зæрантæ хъæртунцæ цалдæр миллиард сомей бæрцæмæ. Уæд уоми поэтти бон ци адтæй?

Финсæг Лажечников еци тугъдмæ рандæй хевæндонæй, æма æ имисуйнæгти куд финста, уотемæй тугъдонтæ цæмæдесæй кастæнцæ уруссаг фингути уадзимистæ.

Батюшков ба финста æма курдта Крыловæй, цæмæй финсунмæ ма зийнадæ кæна, уомæн æма тугъдонти хъæбæр гъæунцæ æ уадзимистæ.

## КРЫЛОВИ ТУГЪДОН ХРОНИКÆЙ



### 1808 АНЗ. БЕРÆГЪ ÆМА УÆРИККÆ

Аустерлици ку фæххуæрд æй, Тильзити сабур бадзурд æнæбаридæр бафинсун ку багъудæй, уæд Наполеон Европи никкæрдæнтæ кодта, тоги исæзманста бæститæ, раййевæ-баййевæ кодта син сæ разамонгути, уомæн гъæугæ «рæуагитæ» иссергæй.

Махмæ ба уæд уомæ ци цæстингас адтæй? Уруссаг «Вестник Европы» козбаутæ кодта Наполеонæн, худтонцæ 'й адæмти ервæзунгæнæг, гъома, е, Евроцæдес исаразта, зæгъгæ. Æма император Александр I ба хатир корæгау загъуй: «Фæстаг рæстæг нæ интерестæ махæй домунцæ Францийы хæццæ æнгом бастдзийнæдтæ дарун». Уой фæсте ба ци?

Крылови уайдунти берæгъ уотид хумæтæги нæ бастъалуй, æ «рæсог дон ин ка лæкъун кæнуй», еци уæрикки. Æ фудмиуæн агоруй херастгæнæн рæуагитæ дæр. «Куд æндеуис, æдзæсгон, дæ цъумур къембуртæй?..», зæгъгæ 'й, фудгин кæнуй. Æнæзакъондзийнадæ – закъонадæбæл федар кæнун. Фал ин уæрикkæ æ нихмæ ку исдзурдта, уæдта æ маст æ мастдони бустæги



*хумæтæги æнахургонд дзабурхуйæг кенæ зæнхкосæгмæ дæр фæууй... Аргъ кæнун гъæуй, берæ еститæ нæ фæууингæй, уæлæнгай æма æнæпайда зонундзийнæдтæ ка райста, уæхæн схъæлботт æма хъуилдзæуæгæн нæ, фал сабур æма уæззау зунд кæмæ ес, уæхæн хузæгæнæгæн...»*



ратуппуртæ 'й берæгъæн æма, дæ фудгол утæ, раскъафта мæгур уæрикки таргъæди арфмæ.



### 1812 АНЗ. МАРТЪИ. ТИКИС ÆМА ХУÆРУЙНАГГÆНÆГ

Наполеони æфсæдтæ лæуунцæ арæнти хуæдразмæ: æнгъæлмæ кæсунцæ бардзурдмæ. Махмæ ба нæ хецаудзийнади хецæн къуæрттæ, инæлартæ кæрæдзей гъун-гъес хуæрунцæ: сæ зæрдæмæ нæ цæуй Барклай де Толли.

Император Александр I бабæй дузæрдуг кæнуй. Æ алфамбулай, поэт Вяземский куд имиста, утемæй æрæмбурд æнцæ тугъди нихмæ дзоргутæ: «Карамзини гъудимæ гæсгæ, мах тугъдмæ æнхæст цæттæ нæма ан, æ фæстеугутæ фудбæлахтæ расайдзæнæнцæ. Кæмидæрти син гъæуй сæ домæнтæ исæнхæст кæнун æма утемæй тугъд ма 'руадзун...»

Наполеон цæугæдон Неманбæл ке 'рбахизтæй, еци хабар Александрæн фегъосун кодтонцæ кæфтити изæри уогæй. Æ фæстаг мазуркæ кæронмæ кафт нæбал фæцæй. Ами дæр бабæй дузæрдуги уацари бахаудтæй: æ фæдздзурд адæммæ кæмæн бабарæ кæна, уобæл – либерал Карамзинæн æви Фидибæстæбæл æгæронæй æнювд Шишковæн. Æма фæстагмæ æрæнцадæй – дуккагбæл. Зæрдæмæгъаргæ рауадæнцæ фæдздзурди зæгъдтитæ: Тугъдонтæ! Сумах гъæуай кæнетæ Æууæнкæ, Фидибæстæ, Сæребарæ! Æз уæ хæццæ дæн!..»

Крылови уайдуни хуæруйнаггæнæг – кумæдæр рауадæй, æма тикис (кæций нимадтонцæ æууæнкгунбæл) уайтæккæ карк фæцъцъорт кодта. Хуæруйнаггæнæг ин уайдзæфтæ кæнуй, гъома, еумæ хæларæй цæрæн, синхагмæ лæборун ходуйнаг æй. Дуйне дæбæл фæззæрдихудт уодзæнæй: «Васькæ – давæг æй! Васькæ мæнгардæй цæуæг æй!.. Тикис ба игъосуй, æ хуæрун нæ ниуудзæй».

Аци уайдун зундамонæни хузæн æй хуæруйнаггæнæгæн дæр æма паддзахæн дæр: «Кæми гъæуа, уоми дзæгъæл дзæнгæда цæгъдуни бæсти фæззуст кæнун пайдадæр æй...»

### 1812 АНЗ. СÆРДÆ. ИУАРУНДЗИЙНАДÆ.

Наполеон нифсгун æма тагъд къахдзæфтæй æфсардæй Уæрæсей зæнхæбæл æ размæцуди. Нæ райгурæн бæстæ бустæги тæссаг уавæри бахаудтæй. Историк Шильдер куд финста, утемæй гъæздугути 'хсæн дæр кæрæдзей нæбал лæдæрдтæнцæ. Сауæнгæ ма æфсади Сæйраг штаби дæр, цалинмæ Кутузови нæ ниввардтонцæ Сæйраг командæгæнæгæй, уæдмæ кæрæдзей æфхуардтонцæ уæлдæр лæууæг афицертæ, инæлартæ, хъор кодтонцæ цийфæнди хуæрзгæнæг архайд дæр.

Кадæр уадæй æхе æфсади рæнгъитæмæ хе ниффинсунмæ. Кадæр тагъд-тагъдæй æ гъæздугдзийнæдтæ римахста. Волконскийи паддзах ку бафарста, адæм куд гъуди кæнунцæ, зæгъгæ, уæд ин дзуапп равардта: «Мах гъæуама сæрустур уæн нæ адæмæй, нæ алли зæнхкосæг дæр бæгъатæр æй, Фидибæстæбæл æновуд æй!..»

– Уæд нæ ездæнттæ ба?.. «Паддзах!.. Æфсæрми кæнун, уонæмæ ке хаун, уомæй...»

Уайдуни финст ес: «Хæдзарæ ке иссугъдæй, е си феронх уогæй, æ содзгутæ утæ иселлæг æнцæ æма хъуæци амæттаг иссæнцæ, сæ мулки хæццæ басугъдæнцæ...»

Æ хатдзæг ба зундгонд æй: «Тухст рæстæги алке æхе сæр, æхе мулк фæййервæзун кæнунбæл гъæуама ма мæтæ кæна, фал сæ хъауритæ æрæмбурд кæнонцæ... Уой медæги æй сæ фæййервæзт...»

### 1812 АНЗ. ОКТЯБРЬ. БЕРÆГЪ КУЙДОНИ

Бородиной бунмæ тугъд адтæй, нæуæг нимадмæ гæсгæ 7 сентябри. Сентябри кæрони Кутузовмæ æ тарутинаг лагермæ (Мæскуйæй 80 километри идарддæр), æрбахастонцæ финстæг Наполеонæй. Финстæг æрвист адтæй Александр I номбæл, цæмæй сабурдзийнади туххæй бадзурд бафинсонцæ. Александр ин дзуапп дæр нæ равардта. Æхсæнади зундирахаст адтæй Наполеони бустæги ниддæрæн кæнун.

Еци рæстæг Крылов æ уайдун Кутузовмæ уой уоси фæрци фæхъхъæртун кодта. Берæгъ гъавта фусдонæмæ бабурун, фал рæдудæй куйдонæмæ бафтудæй æма нур ба уоми бадуй къуми, æ фæстаг фарсмæ нилхъевгæй, æма нур дæр ма бахуæрунмæ ке гъавуй, уонæй коруй, феронх кæнæн зæронд хабæрттæ æма, дан, бафедауæн. Фал егар куйтæ, дан, зин æрмахургæнæн æнцæ, нæбал сæ расайдзæнæ.

Ноябри, Смоленски облæсти гъæу Красноейи фалдзости ци тугъд æрцудæй, уоми, Наполеон фæстæмæ цæугæй, фесафта 6 мин æфсæддони мæрдтæй, 26 мини ба си фæргъгъудæнцæ, уацари бахаугæй, фенæхай æй æ еугур дзармадзантæ æма бæхгин æфсæдтæй. Кутузов еци уайдун æ инæлартæ æма афицертæн ку кастæй, уæд æ ходæ æ сæрæй исиста æма æ уорс сæригъунтæмæ байамудта.

Еугур афицертæ дæр ходæгæй марддæнцæ, утемæй гъæр кодтонцæ: «Е дин Кутузов!.. Е дин Крылов!..»

### 1812 АНЗ. НОЯБРЬ. ХАЛОН ÆМА КАРК

Еугур адæми дæр æмхузон зундгин ка хонуй, уони зундирахаст нæ раййевдзæнæ. Хъазахъаг инæлари хуæрæ Аннæ Хомутова имиста: «Наполеони туххæй адæм дзурдтонцæ: цалдæр уæлахезей фæсте ни бадомдзæнæй сабурдзийнади туххæй бардзурд бафинсун, цалдæр облæсти ни ратондзæнæй, Польши арæнтæ фæстæмæ исфедар кæндзæнæй – æма еци гъуди нимадтонцæ растбæл, фурдессагбæл, æгириддæр æй ходуйнагбæл нæ нимайгæй...» Гъома, Уæрæсе æнæгъæнæйдæр фæййервæзун кæндзæнæй нецифæууинддзийнадæй æма цæрун байдайдзæнæнцæ, раст Парижи куд цæрунцæ, утæ зæрдæмæдзæугæ.

Крылови уайдун уæхæн «æнгъæлмæкæсгути» туххæй æй. «Смоленски къниаз» – Кутузов Мæску æзнагæн равардта, еугур цæргутæ дæр сæхе райстонцæ сахарæй, мудибиндзитæ, дан, куд рагулф кæнунцæ, утæ. Халон гъæр кæнуй ледзæг каркмæ: мах, дан, ами изайæн, уомæн æма æдас ан, мах сумах хузæн неке бахуæрдзæнæй. «Иуазгути» хæццæ еумæйаг æвзаг иссерун дæр æнгъезуй, сауæнгæ ма нæмæ кæд сæ уæлдæйттæй дæр еститæ кæд æрхауа. Фæстагмæ ба куд рауадæй? Æстонг «иуазгутæ» халонæн æхе дæр ма бахуардтонцæ. Адæймаг хатгай утæ рæдуд гъудити уацари бахауй.

Адтæй ма уæхæн цау дæр. Глинка хæрхæмбæлд фæцæй, Карамзин Мæскуйæй куд лигъдæй, утемæй æ хæццæ. Æма бадес кодта, уоййасæбæл нимади дæмæ ка 'й, еци Бонапартæй ледзис, зæгъгæ. Карамзинмæ хъæбæр гъулæг фæккастæй æ еци æхсилкъæ загъд..



### 1813 АНЗ. ХУЦАУБÆЛ НЕ 'УУÆНДГÆЙ, ТÆРЕГЪÆД ДÆР НÆ ЗУДТОНЦÆ...

Крылов динбæл не 'ууæндгути сауæнгæ æ сувæллони догæй фæстæмæ бадардта æ зæрдæбæл. Пугачеви рæстæги æ фидæ адтæй Яицки федари комендант. Пушкин æй лæмбунæг фæффæрститæ кодта æ уацау «Капитани кизгæ» ку финста, уæд. Фидæ æ биййонаг æма æ фурти рарвиста Оренбургмæ, фал уоми дæр сахар æрхъолай бахаудтæй. Пушкин æ имисуйнæгти утæ финста: «Пугачевмæ алцидæр нисангонд адтæй: ке кæци гъæунги æрауиндздзæнæнцæ æма Крылов дæр æ фурти хæццæ еци номхигъдмæ бахаудтæнцæ».

Мадта 1812 анзи тугъди ба никки æверхъаудæр адтæнцæ лæгмæрдтитæ. Францугаг æфсадæй ма ци æстæнтæ райервазтæй, етæ фæстæмæ цæугæй, уойбæрцæбæл фудмиутæ кодтонцæ æма син зæгъæн дæр нæййес. Цæбæлдæриддæр хуæст кодтонцæ хъæппæлæй, хуæруйнагæй, уой истонцæ, адæми æстъигътонцæ æнæхатирæй. Сæ еци миутæмæ гæсгæ ба сæмæ бунæттон адæми маст никкæ дувæрдæр кодта. Адæми æстъегъуни барæ син лæвæрд æрцудæй Наполеони бардзурдмæ гæсгæ. Мæскуй нигъаффетт кодтонцæ аргъауæнти гъæздугдзийнæдтæ, изæдти хузтæй æфтудтонцæ æвзестæ, рамкитæ, голлагтæй хастонцæ дзиуæрттæ æма æндæр дзаумæуттæ. Новодевичьеви уæлмæрдти рази аргъауæндонæ исрæмугътонцæ, иннæ аргъауæндонæй исаразтонцæ фонсæвгæрдæн бунат, æртиккаги – фидуæйæгæнæн тукангонд. Изæдти гъæдин хузæгæндтитæ согæн æндзарстонцæ, сугътонцæ киунугæдæнттæ, мардтонцæ диникустгæнгути æнæтæрегъæдæй. Уой фæсте ба минитæ ниввардтонцæ Кремли алфамбулай. Сæ еу хай не 'срæмугътонцæ, фал си ка искуста, етæ ба дзæвгарæ азгъунститæ фехалдтонцæ. Ци си адтæй хъазарæй, уони фæддавтонцæ.

Наполеони адъютант де Сегюрай имисуйнæгти кой цæуй еу æверхъаудзийнади туххæй: францугæгтæ Уæрæсейæй ледзгæй, сæхуæдтæ дæр зæрдрист фæцæнцæ, Гжатски рази сæ фудракæндтитæ фæууингæй: дууæ мин уруссаг æфсæддонемæн сæ сæртæ ниллихъæ кодтонцæ æма сæ сæри хъанз надгæрæнтти пурхитæй лæудтæй (сæ гъæуайгæнгутæ адтæнцæ польшæгтæ, португалийæгтæ æма испайнæгтæ). Де Сегюр уæддæр фæсмон нæ кæнуй, фал æхе рæститæ кæнуй, гъома, æндæр гæнæн нин нæ адтæй...

Крылов тугъди æнзти ци уайдунтæ нифинста, уони устур цæмæдесдзийнади хæццæ кастæнцæ адæм, уомæн æма æхст фати хузæн комкоммæ сæ нисанбæл æмбалдæнцæ. Ами сæ кой цæуй, Кутузови нихмæ ка дзурдта фæлмæн къæлæттинбæл бадгæй, уонæн дæр – сæхуæдтæ нецæмæн бæзтæнцæ, утемæй ба кæмæндæр унаффитæ кодтонцæ. Æма си ци хузи сорæт ба не 'ссердзæнæ!..

### ФÆСТУГЪД БА?

Фæстугъд ба, райдзаст æма рæсугъд салонти хуæргæй, ниуазгæй, кафгæй тугъди хабæрттæ хъæбæр рæхги феронх æнцæ. Цæстиварди нæбал адтæнцæ патриотизми туххæй дзубандитæ: цæйбæрцæ дзорун æнгъезуй уруссаг патриотизми туххæй. Еу рæстæгути ма журналти фæрстæбæл кодтонцæ Кутузови кой, уæдта е дæр царди нæуæг гулфæнти фæлми нихъулгæ цудæй.

Æндæр гъудаг адтæй Крылов. Уой еугурæйдæр уарзтонцæ, фау æрхæссæн имæ некæцирдигæй адтæй.

Фал «æнæпартион» адтæй.

Се 'хсæн дæр хъор кодта æма ибæл алирдигæй цъифæ калдтонцæ.

Батюшков: «Аци лæг махæн æнæлæдæрд æй».

Погодин: «Рæстдзийнадæ некæд загъта æхе æма æ зæнæги туххæй».

Булгарин: «Некæд некæмæн балæдæрун кодта æ уайдун ке туххæй, кенæ цæбæл финст уидæ, уой».

Вигель: «Хуæрззæрдæ адæймаг адтæй? Мæнмæ гæсгæ – нæ. Некæд неке хуарзбæл бацийнæ кодта».

Плетнев: «Æвуд нæй. Некæд неке хæццæ цардæй лимæнæй. Адæмæй æхе еуварс кодта».

Белинский: «Аци лæг æхе сувæллони хузæн даруй, æ зунд ба æхердæмæ хуарз косуй».

Еци дзубандитæмæ гæсгæ, æвæдзи, æхецæй райдард кодта е 'мбал фингути.

Айдагъдæр си Пушкин загъта: «Махмæ ба Уæрæсей генийтæ куд нæййес: «Державин æма Крылов».

Махмæ гæсгæ ба Крылов адтæй æцæг æфсæддон уацхæссæг. Е ма берæ фæлтæртæн уодзæнæй зундамонæг.



**Аци циртдзæвæн Александр Пушкин æма Иван Крыловæн 2004 анзи æвæрд æрцудæй Мæскуй облæсти сахар Пушкиной.**

***ЦÆГÆРАТИ Максим (1916-1990), Цæгат Иристони адæмон финсæг: «Мæ хуарз æрдхуард Цирихати Михал æ цардиуагæ кутемæй аразта..., уой бæлвурдæй зонгæй, мæ бон æй федарæй уотæ зæгъун, æма куд æцæг ирон лæг, уотæ æ евгъуд бæнттæбæл фæлгæсгæй, гъæуама фæсмон мацæбæл кодтайдæ. Зæгъæн, æ царди нæдтæбæл æй фæстæмæ нæуæгæй цæун багъудайдæ, уæд, мæнмæ гæсгæ,***



**Аци къари уинетæ Цæгат Иристони зундгонд финсгути къуар. Фиццаг рæнгъи (рахесæрдигæй галеуæрдæмæ) бадунцæ ЦИРИХАТИ Михал, МУРТАЗТИ Барис, ХЪАЙТТАТИ Сергей; дуккаг рæнгъи ба (рахесæрдигæй галеуæрдæмæ) лæуунцæ БОГАЗТИ Умар, ЦÆГÆРАТИ Гиго æма БАСИТИ Михал.**

# АЛÆМÆТИ ИСКУРДИАДИ ЦÆХÆР



**ЧЕРЧЕСТИ Хъасболат,**
финсæг,
публицист

Цирихати Михали æз дæр хуарз зудтон. Мæ бон уотæ зæгъун дæр æй, æма кæд ми берæ хестæр адтæй, уæддæр не 'хсæн рахастдзийнæдтæ адтæнцæ, раст цума æмгæрттæ адтан, уой хузæн хæлар æма зæрдтагон.

Æ хæццæ къуар анзи бакустон газет «Рæстдзинад»-и культури хайади. Еу хатт нин еумæ редакций ихæслæвæрдмæ гæсгæ командировки цæугæ дæр рауадæй Мæздæгмæ. Бæрæг кодтан аци райони культурон-рохсадон косæндæнтти куст.

Æз ма уæд адтæн райдайгæ журналист, æма, Мæздæгæй ку исæздахтан, уæд мæ уадзимис цæмæй райдæдтайнæ финсун, уобæл тухстæн. Михал мæмæ 'рбацудæй, æма мин фæлмæн гъæлæсиуагæй загъта:

– Нуртæккæ бал ин æз ниффинсдзæнæн æ раздзубанди, уой фæсте ба ибæл идарддæр еумæ ракосдзинан...

Еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте мин мæ рази æрæвардта æ финст. Уадзимисæн равардта уæхæн сæргонд: «Зæрдæ айдагъ фæллойнæй нæ рохс кæнуй...» Уадзимис ба финсун райдæдта уæхæн зæрдæмæгъаргæ дзурдтæй: «Адæймаги къæбæр куд гъæуй, уотæ 'й гъæуй удигъæди хуаллаг дæр. Фæндуй æй кафун æма зарун, цийнæбæл цийнæ кæнун, гъигæбæл гъигæ кæнун, зиндзийнæдтæн фæразон æма царди нæдтæн иуонгфедар ун. Цубурдзурдæй, æ реуи, æ бауæри тогдадзинттæ æма уæцъæфтæ гъæуама æмведауцæ уонцæ фæллойнæ кæнуни турнундзийнæдтæ æма менеугути хæццæ. Айдагъдæр уотемæй æй æ бон царди уæззау æма æмбохгæ гулфæнти накæ кæнун, рæстдзийнади сæрбæлтау тохгæнæг ун, уарзун, сагъæс æма мæтæ кæнун.

Аци гъуддаги агъазиау ахедундзийнадæ ес культурон-рохсадон косæндæнттæн...»

Еци рæнгъитæ бакæсуни фæсте æз дæр разæнгарддæрæй февналдтон нæ еумæйаг уадзимис финсунмæ... Мæ дзубанди аци дæнцæнæй уомæн райдæдтон, æма Михал адтæй хъæбæр цæстуарзон адæймаг, æ ирисхъи берæ æнзти фæлтæрддзийнадæй æма æрдзон устур искурдиадæй алкæддæр зæрдиагæй агъаз кодта, исфæлдистадон карнæ æхецæн ка равзурста, еци кæстæртæн.

Цирихати Тасолтани фурт Михал райгурдæй 1919 анзи 23 феврали, Хонхи Дæргъæвси. Зонундзийнæдтæй фæххайгин унмæ бæлгæй, æ ахуркæнуйнади над дæр райдæдта æ райгурæн гъæуæй. Уой фæсте æ идарддæри ахури хабæрттæ ба кодта Цæгат Иристони педагогон институти. Каст æй фæцæй æнтæстгинæй. Еуцæйбæрцæдæр рæстæг бакуста ахургæнæгæй. Фал æ зæрдæ алкæддæр исфæлдистадон кустмæ ке дзурдта, уомæ гæсгæ ахургæнæги куст ниууагъта æма косунмæ бацудæй райони газет «Стахановец»-и редакцимæ. Еци-еу рæстæг финста æмдзæвгитæ, радзурдтæ, очерктæ æма сæ мухур кодта республики газетти æма журналти.

Михал æ тæккæ лæхъуæни кари ку бацудæй, уæд Иристонмæ исигъустæй æверхъау хабар: нæ Райгурæн бæстæмæ гадзирахаттæй æрбалæбурдтонцæ немуцаг-фашистон æрдонгтæ... Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд. Куд нæ бæсти еугур дзиллитæ, уотæ Цирихати цардбæллон лæхъуæн дæр фæннæхстæр æй цъамар знаги нихмæ лæгæй-лæгмæ тохмæ, æ финсæн сеси бæсти æ къохтæмæ райста тохæнгарз. Еу æма дууæ хатти нæ фескъуæлхтæй Цирихи-фурт тугъдон будурти.

Еци æгæрон уæззау хъазауати уавæрти дæр нæ устурзæрдæ кодта литературон архайдбæл дæр. Куддæр ин равгæ фæууидæ, уотæ æ зæрди арфи ци поэтикон рæнгъитæ равзуридæ, уони тагъд-тагъдæй къариндасæй финста æ блокноти... Æ тугъдон нæдтæ Михали бахъæртун кодтонцæ сауæнгæ Польший уæнгæ. Ами, фашистти нихмæ тугъдтити, 1944 анзи 31 декабри уæззау цæф фæцæй æма бахаудтæй госпитæлмæ.

...Райевгъудæй тогуарæн тугъди хъиамæтти рæстæг. Михал дæр уæззау цæфти хæццæ исæздахтæй æ райгурæн Иристонмæ. Æ цæфтæ кæронмæ нæма исдзæбæх æнцæ, уотемæй тугъди фæсте косун райдæдта газет «Рæстдзинад»-и. Нур ин фадуат фæцæй, тугъди будури тагъд-тагъдæй ци поэтикон уадзимистæ фæффинста, уонæбæл лæмбунæгæй æма æнхæстæй бакосунæн. Кæронмæ финст фæцæй, тугъди будури ке райдæдта финсун æма фæстæдæр нæ национ поэзий зингæ бунат ци поэмæ «Мастисæг» байахæста, уой дæр.

Цирихати Михал 1954-1957 æнзти ахур кодта Цæгат Иристони партион скъолай. 1958-1960 æнзти ба – Мæскуй Уæлдæр литературон къурсити, еци-еу рæстæг фæсаууонмæ каст фæцæй СЦКП-й Центрон Комитети Уæлдæр партион скъолай журналистики хайади къурситæ дæр.

Мæскуйæй исæздæхгæй, Михал 1960-1963 æнзти куста газет «Рæстдзинад»-и культури хайади сæргълæууæгæй. Уой фæсте ба 'й 1963 анзи иснисан кодтонцæ журнал «Мах дуг»-и сæйраг редакторæй. Еци бæрнон бунати фæккуста цуппæрдæс анзи. 1977-1987 æнзти ба разамунд лæвардта нæ республики финсгути Цæдеси правленийæн.

Цирихи-фурт исфæлдистадон кустæй уæлдай ма æновуæй архайдта æхсæнадон гъуддæгути дæр. Цалдæр хатти æвзурст æрцудæй нæ республики Сæйраг Советмæ депутатæй, æма алкæддæр æ ихæстæ æнхæст кодта зæрдиагæй.

Михалмæ ма адтæй еу уæхæн хуарздзийнадæ. Е зæрдиагæй ауодудта, литературæ æма поэзий фиццаг къахдзæфтæ ка кодта, еци æригон автортæбæл. Финсгути Цæдеси правлений сæрдарæй ку куста, уæд æ разамундæй ахид арæзт цудæнцæ райдайгæ финсгути съездтæ æма æмбурдтæ. Сæ искурдиадæгиндæр биццеутæ æма кизгуттæн рæстæгæй-рæстæгмæ рауадзиуонцæ еумæйаг æмбурдгæндтитæ æма хецæн киунугутæ. Ахид сæ уадзимистæ мухургонд цудæнцæ республикон газетти æма журналти.

Поэти исфæлдистадæбæл адæймаг æ цæстæ лæмбунæг ку рафæлгæса, уæд ин адæймаг æ лирикон хъайтармæ æнæмæнгæ бахицæ кæндзæнæй: æй æргомзæрдæ æма рæстдзийнадæбæл тохгæнæг, æнæуинон ин æнцæ магосатæ æма козбаугæнагæ адæймæгутæ.

*Æнцой, æнцой, дæ тарф хуыссæг мыл ма кал,*
*Фæсæхсæвæр мын макуы кæн мæ уат!*
*Фæлтау æрцæуæд разбырсты мæ адзал –*
*Кæм судзы арт, кæм къуыс-къуыс кæны уад...*

Михали лирикон хъайтарæн æ сæйрагдæр сагъæс æй уобæл, цæмæй адæм æнæкæрон уарзтæй уарзонцæ нæ Райгурæн бæстæ, кæддæриддæр цæттæ уонцæ æ багъæуай кæнунмæ.

*Фæтызмæг арв...*
*Цыма æвваст*
*Хох арвы срæхуыста йæ сытæй,*
*Æмæ дзы исы ныр йæ маст*
*Зынгджын зылын-мылын ехсытæй...*

*Фæлæ нæ сæтты хох уæддæр, –*
*Æрвæрттывд фескъуыны йæ тигътыл,*
*Æмæ зынг ехсыты цæхæр*
*Арт бандзары мылазон мигътыл.*

*Уадз, арв*
*Нæрæд æмæ нæрæд*
*Нæ балцы даргъ фæндагыл махæн,*
*Æрттивæд арв æмæ нын кæд*
*Æхсæв дæр бабæззид цырагъæн!*

Цирихати Михал абони, гъулæггагæн, не 'хсæн нæбал æй, фал цийфæнди берæ рæстæг ку рацæуа, уæддæр æ рохс ном цæрдзæнæй нæ дзилли алли фæлтæрти зæрдити æма цардиуаги – æ берæвæрсугон исфæлдистади, æ агъазиау арфиаг гъуддæгути фæрци.

## ЗУНДГИН ЗАГЪД АЛЛИ РÆСТÆГУТИ ДÆР НИФСДÆТТÆГ ÆЙ!..



**Цæгат Иристони финсгутæй Устур Фидибæстон тугъди ка архайдта, уони тугъдон уадзимисти æмбурдгонд «Тохи зар» уагъд æрцудæй 1990 анзи. Уомæн æ раздзурди Цирихати Михал финста: «Æма нæргæ-нæрун кодта тохи зар, денгизи уолæнти хузæн ка райрадæй æма ниууорамæн кæмæн нæбал адтæй, дзиллити еци фæрнæйдзаг маст æвдесæг зар. Еугурадæмон тугъди цæхæрæй æма сау хъуæцæй ка исрæдувта, еци зар. Нæргæ-нæрун кодта Уæрæсей, Украинæ æма Белоруссий итигъд будурти, Балтики æма Сау денгизи билгæрæнтти æма фæйлауæнти, Цæгат Кавкази хуæнхти æма арф кæмтти…» Цирихати Михали аци загъд уомæ гæсгæ æримистан, æма нæ абони дæр бабæй багъудæй нæ Фидибæсти знæгти нихмæ æхсаргин тох æма уомæ разæнгардгæнæг зар...**

Сæдæ анзей размæ (1924 анзи мартъий) Мæскуй арæзт æрцудæй не 'мзæнхон финсгути литературон еугонд «Зеу». Уой фæрци пролетарон финсгути Мæскуйаг ассоциаций дæр фæззиндтæй Ирон секци.

*ændær цæуæнтæ, ændær бæрзæндтæ нæ равзурстайдæ. Уомæн æма ин æ ирисхъи нæдтæ адтæнцæ æ фæлтæри нæдтæ, æ фæлтæри лæгæвзарæн рацæуæнтæ, æма æнæ уонæй æ цард цардбæл некæд банимадтайдæ. Æ фæлтæрдгун базургин бæлдитæй æ доги устурдæр гъуддæгутæй æхе еуварс некæд раласта. Уомæ гæсгæ си нæ дзиллæ дæр боз æма арфиаг æнцæ, цитгин æй кæнунцæ...»*



ЦЫРЫХАТЫ Михал

## ÆРХÆНДÆГ ÆМÆ ЦИН

БАЛЛАДÆ

Мигъ арвы цæхæрты сыгъди.
Лæбурдта йæм дымгæ... Лыгъди...
Фæрухс-иу, ныррызтис-иу уат,
Хуыссыд уым йæ фыртимæ мад.
Йæ цæссыг ызгъæлдта, куыдта, –
Уый фыны йæ лæджы уыдта:
Йæ сахъ цæргæс арф миты мард, –
Йæ зæрдæ йын айгæрста кард.
Уæззау цæфæй зæхмæ туг калд, –
Фæзгъæргай йæ дарæстыл салд...
Уыд бæласмæ идонæй баст
Хæстон бæх, – йæ хицаумæ каст.
Уыдта уый, хъæбатыр куыд мард...
Æнкъард уыд, æнкъард уыд, æнкъард.
Хъуыст уады æгæнон æхситт.
Æнæсцухæй уарыди мит...
Ыстæй дын уæд хохы сæрæй,
Æндæрбæстаг хохы сæрæй
Гуылф-гуылфгæнгæ фезмæлыд зæй,
Нынныгæдта комы – бынæй
Хæстоны йæ бæхимæ арф...
Ферттывта, ныннæрыд та арв.
Мад фестъæлфыд уаты æваст,
Фæлурсхуызæй, сонтæй ыскаст.
Хæстон лæг йæ уæлхъус лæууыд.
Сывæллон – йæ риумæ æлхъывд...
Хæрзиуджытæй дзаг уыд йæ риу.
«Æнафон кæцæй фæци... Чи у?» –
Æрыгон мад афтæ дзырдта, –
Æрцæуæгæй «ацу» куырдта...
«Ныббар мын... Цы тæрсыс мæнæй?..
Мæйдар у... Нæ рухс кæны мæй...
Æнæсцухæй уарын цæуы, –
Æрдз калы йæ цæссыг, кæуы...
Дæ æфсармæй тынг бузныг дæн...
Фæлæ мын уæ тыргъы æркæн
Хуыссæн æмæ сайæгой фын
Рæвдауа мæн райсоммæ уым...
Мæ фырты мын мемæ цæвæр...
Хæрзæхсæв... Зæрдæрухсæй цæр...»
Æрцæуæг фæсабыр, фæхъус...
Йæ хуыссæнæй фестади ус, –
Йæ лæгмæ æдзынæг ныккаст,
Ыстæй йыл ныттыхсти æваст...

## ÆРБАХÆСТÆГ ЗЫМÆГ

Æрбахæстæг зымæг... Йæ фæсарц хæссы
Хъызт тымыгъы сусæг дзыназын,
Æз та йын йæ уазал цæстытæм кæсын,
Фæлæ йын нæ комын фæтасын...

Цъæх уалдзæджы алкæм æмбæлттимæ æз
Фæндагыл бæлæстæ фæсагътон,
Кæд мыл-иу æрæнцад æгас зæххы уæз,
Уæддæр-иу «фæллад дæн» нæ загътон...

Кæд абон зымæгау фæхалас мæ сæр,
Уæддæр æз зæронд тулдз нæма дæн:
Кæддæрау цъæх дарын кæрдæгау ныр дæр
Мæ райгуырæн бæстæн – мæ мадæн...

Æз ме 'рыгон бонтыл нæ систон мæ къух
Æмæ сыл нæ авæрын фау дæр, –
Кæд уалдзæг фæуагъта мæн истæмæй цух,
Уæд разынд мæ фæззæг рæдаудæр...

Ныр зымæг æрбаввахс... Йæ фæсарц хæссы
Хъызт тымыгъы сусæг дзыназын,
Æз та йын йæ уазал цæстытæм кæсын
Æмæ йæ мæ артмæ нæ уадзын...

## УАЛДЗÆГ

Зымæг ма кæмдæрты тарстæй хиты,
Ам та зымтæ къуылдымтæй ныууасынц.
Хуры тынтæ скæуын кодтой миты –
Фæхстыл ын йæ уазал цæссыг нуазынц.

Зæхх ыстъæлфы гутæтты æфсæнтæй,
Зæхх бæрæчет – тауинагæй бафсæст.



ЦИРИХАТИ Михал æригон киунугæкæсгути 'хсæн.

Сыфтæр бахудт къалиуты æхсæнтæй,
Таугæрдæгæй хъæдгæрон фæасæст.

Уæлдæф – ронгау, туг дзы уæнгты зары
Æмæ фесты цæстытæ уынагдæр...
Уæлдæф абон дурты дæр ма хъары –
Ма йыл зыд кæн... Ис ма дзы дæ фаг дæр!

* * *

Цæр, ме 'рхæндæг,
Мæ уаты мемæ цæр,
Мæ фарсмæ хуысс,
Мæ уæлхъус бад
Дæсны рынчынфæрсæгау ды.
Мæн хатгай бахъæуы дæ сæр,
Куы вæййын тыхст кæнæ фæллад,
Уæд мæ дæумæ хъусын фæнды.
Æз сæхгæнын мæ рудзынг уæд
Æмæ мæ зæрдæбын ныхас,
Мæ сусæг уарзт æмæ мæ мæт
Сæхи дæ хъæбысмæ фæтонынц,
Мæ зын, мæ сагъæстæ мын уæд
Дыууæ æмдзæрины фæзонынц –
Æрмæстдæр ды æмæ мæ баз.

Фæлæ куы сисы арв нæрын,
Куы скафы хуры тынтыл хъæз,
Рухс арф комы йæхи куы 'руадзы
Æмæ куы райдайын цæрын
Æнæнцой боны цардæй æз,
О, ме 'рхæндæг, уæд дæ ныуадзын.

Ныуадзын дæ
Æмæ кæсын,
Куыд фæтæхы мæ сæрты маргъ –
Нæ хъæды бæлæсты æлдар, –
Мæн уый хуызæн тæхын фæнды...
Æвзыгъд мæлдзыг куыд хæссы уаргъ,
Æз уымæ диссагау кæсын, –
Фæнды мæ уый хуызæн хæссын
Фæллойы монц æмæ æхсар.
Фæхатын алцы дæр бæлвырд,
Уынын – мæ фæндаг зилы дардыл.
Мæ уæнгты сæхсиды мæ туг
Мæ хъуыдыты фæйлаугæ артыл
Æмæ мæ риуы зæрдæ – куырд
Æрдомы 'хсырф æмæ дзæбуг!

Уый – боныгон,
Фæлæ изæр
Æз ногæй райдайын ныхас
Дæуимæ, ме 'рхæндæг.
Цæмæн?
Цæй тыххæй бахъæуы дæ сæр
Мæ нæргæ цины фæстæ мæн?
Уый ахсæв чи зæгъдзæн мæнæн? –

Æрмæстдæр ды, кæнæ мæ баз.

## БÆЛЛИЦ

Уый раджы уыд...
Æрмæст дæ былты змæлдæй,
Цы зæгъдзынæ, уый рагацау зыдтон.
Дæ мидкатай, дæ мид-зарæджы зæлты
Æгас зæхх æмæ арвы цъæх уыдтон.

Уыдтон.
Фæлæ уæд де 'назым фæлгонцæй
Тæппуд тæрхъусау тар хъæдмæ лыгътæн.
Ды та, мæ хур, дæ сусæг уарзты монцæй
Зындоны арты судзæгау сыгъдтæ.

Æз та, æз та?..
Æз ме 'дзæлгъæд фæндагыл
Цыдтæн æмæ ныддзæгъæл дæн кæмдæр.
Æрмæст-иу хатгай дымгæйы æвзагыл
Мæ хъус æрцахста: «Демæ айс мæн дæр».

Нæ дæм байхъуыстон...
Мæнæ ныр зæрондæй
Мæ афтид къуымты агурын цыдæр, –
Æрхуыссыд та дзы ахсæв иу мæ бонтæй,
Æрхуыссыд, æмæ нал зыныс ды дæр.

Æвналы талынг сусæгæй мæ базмæ. –
Кæсы æнхъæлмæ де схудтмæ мæ къæс.
Цы ран дæ, цымæ?..
Гъей-джиди, дæ размæ
Дæ фæллад уд, дæ иунæг сæр фæхæсс!

## МÆ ЦÆССЫГТÆ

Кæд искæйы æфхæрд зæрдæ
Ысрухс кæнат сæрддон бонау,
Мæ цæссыгтæ, мæ цæссыгтæ,
Уæд абузут хæххон донау!

Кæд икæмæн уæззау заман
Цæхх байзæрат йæ мæстытыл,
Мæ цæссыгтæ, мæ цæссыгтæ,
Уæд байсысут мæ цæстыты!

Кæд искæмæн йæ цины бон
Æрызгъæлат йæ къæсæрыл,
Мæ цæссыгтæ, мæ цæссыгтæ,
Фæуарут уæд мæ урс сæрыл!

Кæд искæмæн йæ дард балцы
Йæ фæндагыл ысмалтæ уат,
Мæ цæссыгтæ, мæ цæссыгтæ,
Ныддымæд уæ уæд залты уад!

*1964*

## НÆ ЙÆ ИСЫН

Ныллæг цыртыл ызгъæлдысты
Бæрз бæласы цъæх сыфтæртæ,
Ныллæг цыртыл ысхылдысты
Кæм таугæрдæг, кæм къутæртæ...

Кæддæр, зæгъынц, ам аскъуыди
Кæйдæр фæндаг нæ тохы бон.
Кæй чызг уыди?
Кæй фырт уыди?
Куыд æм дзурон?
Куыд æй хонон?..

Бæрз бæласыл сæууон æртæх
Цæстысыгау æрцауындзæг.
Æмбæхсы мæ цыдæр бæллæх...
Мæ зæрдæ йæм æрбауынгæг...

Куы йæ райсин...
Нæ йæ исын, –
Мæ къухты 'хсæн куы айсыса,
Мыййаг мæм дзы уæззау хъæрзын,
Æнкъард ныхас куы райхъуыса.

*1961*

* * *

Æргуыбыр кодтон комы донмæ, –
Йæ сусæг зæлтæ йын куы ссарин,
Уæд уын, æмгæрттæ, ахсæв-бонмæ
Æз хæхты уадындзæй фæзарин...

Фæлæ дон уадзы комы дугътæ, –
Йæ фæндыр искæмæн кæм дæтты!
Уæддæр дзы ауагътон мæ къухтæ,
Æмæ мын ме 'нгуылдзтæ фæсæтты...

Дон уайы... Абухы... Ысмæсты
Æмæ мæм дзуры:
«Кæд къæрных дæ?..
Мæ зæлтæ дæу, мыййаг, куы нæ сты,
Уæд сæ цы ныссагътай дæ ныхтæ?..»

*1966*

Абхазаг адæмихатти минæвар, номдзуд финсæг Искандер Фазиль Абдули фурти райгурдбæл 6 мартъий æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1929-2016).

***Александр ПУШКИН Гончаровти бийнонти (æ исуйнаг каййести) хæццæ базонгæ ’й 1828 анзи. Æма сæ кизгæ Татьянæ – уобæл уæд цудæй æхсæрдæс анзи – уоййасæбæл фæццудæй æ зæрдæмæ, æма е ’мбæлттæн гъазæн хузи дзурдта: «Я восхищен, я очарован, Короче, огончарован...»***



Иристони зундгонд финсгутæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) ХЪОДЗАТИ Æхсар, БУЛКЪАТИ Михал, ПЛИТИ Грис æма Тимофей ЕФИМЦОВ.

# РÆСТДЗÆФ ЗАГЪД ЗÆГЪУН ДÆР АЦЪАГЪУÆ ÆЙ!..

## КЪАЗНАЙ ХАРЗÆЙ БАЛЦИ

Еуæй-еу хатт устур лæгтæ дæр бахаунцæ къурцдзæвæни. Гъема си цæмæй æнæфидбилизæй рацæуонцæ, уой туххæй сæ багъæуй ести хийнæ æргъуди кæнун.

Разагъди финсæг Франсуа Раблемæ æхцай къапекк нæбал адтæй, уотемæй æй æвæстеуатæй цæун багъудæй Лионæй Парижмæ. Уæд лæг байевдалдæй æма æртæ гæгъæдин баркъий никкодта листæг сæкæр, уæдта сæбæл ниффинста: «Марг къаролæн», «Марг къароли уосæн», «Марг дофинæн» (дофин – Францій къароли бундар, æ фæсте ин гъæуама æ къæлæтгин ка байахæсса, е).

Баркъитæ Рабле исæвардта, ци фусунати цардæй, уоми бæрæг рауæн æма æнгъæлмæ кæсун райдæдта. Фусунати æфснайæг уосæ финститæ ку бакастæй, уæд уайсахат хецаумæ фæффæдеси æй. Е æвæстеуатæй пъæлицæмæ фæдздзурдта. Раблей Парижмæ фæлластонцæ, мадта син æндæр ци гæнæн адтæй.

Финсæг прокурорæн æ хабæрттæ ракодта, уæдта баркъити ци «марг» адтæй, уой æ гъæлæси бакалдта. Прокурор имæ хæлеугъæлæсæй кæсгæй байзадæй æма хийнæйдзаг финсæги æ хæдзарæмæ рауагъта.

Гъе уотæ – æ дессаги æргъудий фæрци Рабле къæзнай харзæй Лионæй Парижмæ бахаудтæй.

## АЙУАНГÆНÆГ — ÆХЕ ХОДУЙНАГГÆНÆГ...

Даниаг финсæг Андерсен е ’ндаг бакастмæ æ гъос фагæ нæ дардта. Алкæддæр ибæл уидæ дæрдгун пæлæз æма æнцъулдтæ ходæ.

Еу хатт Копенгагени гъæунги фæцæйцудæй, уотемæй ибæл рамбалдæй æ рагон зонгæ, сæргъæн лæг, æма ’й бафарста.

– Зæгъай, дæ хуарзæнхæй, дæ сæрбæл ци дзаумау ес, уой ходæ хонис?

Андерсен дæр дзурдарæхст адтæй, лæги цæсгонмæ лæмбунæг никкастæй æма дзоруй:

– Æма ду ба, дæ дзихъиртнæуæг ходи буни ци дзаумау ес, уой сæр хонис?

## «ДЗÆГЪÆЛИ СÆ БАКАСТÆ...»

Цæрукъати Александрбæл гъæунги æ еу зонгæ рамбалдæй æма ин уотæ:

– «Мах дуг»-и дин дæ нæуæг æмдзæвгитæ бакастæн, фал си неци балæдæрдтæн.

– Дзæгъæли сæ бакастæ, – загъта Александр. – Æз сæ, ести си ка балæдæра, уæхæнттæн ниффинстон.

* * *

Цæрукъати Александр куста киунугæуадзæни редакторæй. Драматург Д. имæ Къойстай туххæй пьесæ бахаста. Александр æй ку бакастæй, уæд æй е ’мкосгутæй еу рафарста:

– Куд дæмæ фæккастæй Д-йи пьесæ?

– Берæ дзæбæх бунæттæ си ес, – дзуапп равардта Александр.

– Циуавæртæ?

– Къостай цитатитæ.

## «МАНИЯ ВЕЛИЧИЯ...»

Нæ финсгути царди хабæрттæй Хъодзати Æхсар ке æримисидæ, уонæй еу адтæй мæнæ ауæхæн: «Уæд дин еухатт бадтан финги уæлгъос. Æнæзонгæ адæм си дзæвгарæ адтæй. Мæн Ходи Камали хæццæ ахид фæххæлæмулæ кæнунцæ. Еци хатт дæр кадæртæ, мæнмæ цæстæй амонгæй, кæрæдзей хæццæ нидæнæй дзорунцæ:

– Гæрр, æма Камали нæ зонис?..

– Камал æй, мадта ка ’й!..

Кадæр ба си дæллæй уæлæмæ уотæ дæр ма исдзурдта:

– Камал кувд цæмæннæ рауадзис?..

Никки ба ма сæ Малити Васо дæр бауæндун кодта, æз Камал ке дæн, уобæл. Фæстагмæ мин гæнæн нæбал адтæй æма исарази дæн сæ хæццæ. Цалдæр хатти син зæгъгæ дæр кодтон:

– Камал бæргæ дæн, фал мæ адæм ба Хъодзати Æхсари хæццæ цæмæдæр гæсгæ хæлæмулæ кæнунцæ, магъа...

Уарзиати Вилен мæнæй минкъий изолдæр бадтæй. Еуафони имæ, еугурæйдæр мæ куд игъустайуонцæ, уотæ бадзурдтон:

– Æццæйнæ, Вилен, æз Ходи Камал нæ дæн?

– Æхсар, по-моему, у тебя мания величия! – æвæстеуатæй мин дзуапп равардта Вилен.

## ХАХУРТÆГÆНÆГ

Кæддæр еу хуцауæлгъист литератор фæззиндтæй не ’хсæн æма имæ уæхæн менеуæг адтæй: цидæриддæр хуарзæй фæззиннидæ литератури – уони уайтæккæ адæми цæсти бафтауидæ, сæ авторти ба рахонидæ социалистон цардæвæрди знæгтæ. Цæветтонгæ, нæ финсгути сæрæндæртæн сæ тог донау ниуазта, сæ бон си нæбал адтæй.

Еуæхæни си Малити Васо уотæ загъта:

– У него собачий нюх на таланты.

## ГЕОРИ «ТРОФЕЙТÆ»

Хъайтухъти Геор кумæ бафтуйидæ, уордигæй æнæ «трофейтæй» некæд раздахтæй. Ручкæ, къариндас, кæдзос гæгъæдитæ, киунугæ, журнал кенæ æ дзиппи, кенæ ба ’й æ папки ратъунсидæ. Еуæхæни ба мæ косæнуатмæ æрбацудæй (уæд финсгути Цæдеси сæрдари хуæдæййевæг адтæн). Ме стъолбæл адтæй «Иностранная литература»-йи нæуæг номер, æма æз телефонæй дзорунбæл ку фæдтæн, уæд æй Геор цидæр хузи æхердигæй фæккодта æма тургъæмæ рацудæй.

Журнал æ бунати ке нæбал адтæй, уой уайсахат æрæстæфтæн æма «давæги» расурдтон. Дзорун имæ:

– Геор мæ «Иностранная литература» мин рацъап ластай æма мин æй фæстæмæ раттæ.

Е æ медбилти бахудтæй, журнал æ ронæй исласта æма мин уотæ:

– Айдагъ дæ «Иностранная литература» дин ку рахастайнæ – Цирихати Михали «Новый мир» дæр мæнæ ами æй, – æма, æ галеу къохи ци мора папкæ адтæй, уомæ райамудта.

## «УÆД Е БА ДУ УОДЗÆНÆ!..»

Еухатт разагъди поэт Джами е ’мбæлттæн кастæй æ еу æмдзæвгæ-газель. Æ райдайни адтæй уæхæн дзурдтæ: «Мæ цæф зæрди æма мæ цæстити рагæйдæр ду дæ. Изолæй кайфæнди ку æрбазинна, уæддæр æнгъæлун: е ду дæ».

Уæд дин еу дзурдарæхст лæг поэти ку рафæрсидæ:

– Æма идардæй хæрæг ку æрбазинна, уæдта?

– Уæд е ба ду уодзæнæ! – дзуапп ин равардта Джами.

* * *

Хемингуэйи ахид æфхуардтонцæ аллихузон нецæййаегтæ. Еуæхæни Мэрий хæццæ бадтæй бари. Еци рæстæг имæ циуавæрдæр америкаг журнали уацхæссæг бацудæй æма имæ фæгъгъæр кодта:

– Мæнæ ке уинун, мæнæ ке!

Уæдта фæннæхстæр æй буфетмæ арахъи авгæ æлхæнунмæ. Фал имæ Хем дзоруй:

– Æма æз ку нæ ниуазун.

– Мæнгæттæ дзорис. Æз ку ’рбацудтæн, уæд дин дæ къохи арахъæй идзаг агувзæ ку фæуиидтон!

– Раст мæ нæ балæдæрдтæ, мæ лимæн лæг – æз алли фагусти хæццæ нæ фæнниуазун.

Хемингуэй алкæддæр æргомдзурд адтæй. Уомæ гæсгæ ба си соцъагæнгутæ сæ еминæ уидтонцæ.

## «ЕУГУРÆЙДÆР НИУАЗАГИТÆ ’НЦÆ»

Зундгонд поэт æма литературон критик Петр Вяземскийи бонуги финст æй, поэт æма номдзуд тугъдон архайæг Денис Давыдов ке ракой кодта, еци хабар.

Цæветтонгæ, уæди паддзахадон архайæг Федор Растопчин, дан, зундгонд финсæг æма историк Николай Карамзини разагъди хъазахъаг атаман Матвей Платови хæццæ ку зонгæ кодта, уæд атаман æ ниуазæни ром æркодта æма загъта: «Æхцæуæн мин æй нæ базонгæдзийнадæ. Æз финсгути кæддæриддæр берæ уарзтон, уомæн æма еугурæйдæр ниуазагитæ ’нцæ...»

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Рæхги, 3 мартъий бæрæггонд цæудзæнæй финсæги Еугурдуйнеуон бон. Уомæ гæсгæ мухур кæнæн нæ национ финсгутæй кедæр курухон зæгъдтитæ. Базонайтæ, кæций си ка загъта нæ финсгутæй.**

«Æнахур адæмбæл мæ зæрдæ нæ даргæй, сæ хæццæ ку цæун алкумæ дæр…»

* * *

«Бауарзут, ирон кусæг адæм, уæ кæрæдзийы фæллой, уæ кæрæдзийы цард, æмæ ма фесæфæм æгадæй…»

* * *

Адæймаг гъæуама макæд фæцъцъумур кæна лæги ном, кенæ ба ’й цæрæнбонтæмæ фæсмойнаг фæууодзæнæй...»

* * *

«Амонд нæ агурдтай, æндæра ’й исердтайсæ...»

* * *

«Йæ адæмæн пайда æрхæссын кæй фæнды, уый хъуамæ тæрсгæ ма цæмæй кæна…»

* * *

«Рæвдзæ фæндурæй
Цæруй мæгургор.
Дуйне – æ бæстæ,
Жин цард – æ неун,
Лæдзæг – æ цæстæ,
Æвгъау – æ геун,
Рæдау – æ мадзал,
Йе ’знаг – цæлæмбуд;
Фæндон – æ адзал
Унги æнæ ’нгъуд…»

* * *

«Дунейы хæзнадон æнхъæлмæ кæсы мах хæзнатæм дæр…»

* * *

«Адæймаг дуйней рохсмæ хумæтæги нæ райгуруй: æ размæ устур ихæстæ фæллæуй. Æ царди радæ рæстдзийнадæ, лæгдзийнади кустæй ка куд рарвета, уомæ гæсгæ ин фæййæргъ кæнунцæ æхсæнади дзиллæ…»

* * *

«Фæллой кæнын, уæнгты æмæ зонды хъару бæлвырд нысантыл хардз кæнын, фæллойæ хорздзинæдтæ кæнын – гъе уый у хъомыл æмæ ахуыр кæныны æцæг бындур…»

* * *

Лæгдзийнадæ царди байрæзти
Гъæуй алкæд, куд хуæрзаг
Арф уедагæ – толдзи къабæзти,
Куд уйнаг хуари муггаг.

* * *

«Æ бæсти, æ адæми, мæ хортæ, берæ еци адæймаг уарзуй, æма син сæ цийнæ дæр æма зиндзийнæдтæ дæр ка лæдæруй...»

* * *

«Некæд ес иронхгæнæн Райгурæн бæсти, адæми сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, еци бæгъатæртæн. Уони нæмттæ æнæмæлгæ æнцæ».

Аци курухон гъудитæ загътонцæ Бритъиати Елбиздихъо, Гурджибети Блашка, Хъороти Дауит, Багъæрати Созур, Барахъти Гино, Бесати Тазе, Гæдиати Цомахъ, Нигер, Мамсурати Дæбе, Малити Васо, Кертанти Тæхир. Ка си кæци гъуди загъта, уой ба уæхуæдтæ базонетæ.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 415**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 28.02.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 28.02.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**